

Chak Plan Finansyè ki Reyisi Bezwen Genyen Kredi Pwòp ak yon Gwo Nòt FICO

Konnen fason pou amelyore nòt twa chif FICO w se youn nan faktè ki pi enpòtan pou w amelyore kredi w. Fair Isaac Corporation te kreye nimewo twa chif sa a ki sèvi pou detèmine kantite enterè w pral peye sou kat kredi w, ipotèk kay ou, elatriye.

Posede kay ak biznis Etazini fèt sou baz evalyasyon kredi pozitif pou jwenn prè ak detèmine valè kredi moun nan. Ou ka rate anpil opòtinite pou w grandi lajan w akoz move kredi. Men gras ak pwosesis sa a ak pasyans, ou ka amelyore nòt kredi w pou bon.

Men 7 etap pou kredi pwòp:

1. Repare Erè Fasil Yo

Dabò, tcheke rapò kredi w pou enfòmasyon ki pa kòrèk yo. Pou jwenn yon kopi gratis rapò a, ale sou www.annualcreditreport.com. Swasannkenz pousan tout rapò yo gen erè ki gen rapò ak idantite, peman kondisyon, balans ak dèt ou dwe. Konteste chak grenn antre w panse ki pa kòrèk. The Federal Trade Commission (FTC (Federasyon Komès Federal)) fè yon bon travay nan eksplike kòman pou konteste erè ki nan yon rapò kredi (www.consumer.ftc.gov/articles/0151-disputing-errors-credit-reports).

Dezyèmman, debarase w de ti balans ou bliye yo. Mete yon limit pou ti balans yo. Tou depan de bidjè w, sa gendwa ant \$10 ak \$100. Yon fwa w konnen sa w gen kapasite pou w ofri tèt ou peye li imedyatman.

2. Peye Tout Fakti w a Tan

Trannsenk pousan nòt FICO w gen rapò ak istorik peman w. Se pati ki pi enpòtan nan nòt ou a. Fason ki pi fasil pou w asire w ke w peye alè se fikse peman an sou fòm otomatik.

Evidaman, ou dwe jere kont ou yo pou asire ke fon yo disponib nan jou w dwe peye fakti w yo. Bidjè ak anvlop se yon teknik kote w separe lajan pou chak fakti nan anvlop ki dedye pou peye l la.

3. Elimine Dèt nan Rapò w la Imedyatman ke Sa Posib

Evite nouvo dèt. Òf pwomosyonèl tankou mil paske w vwayaje souvan p ap fè w milyonè. Ou pa bezwen montre dèt pou w konstwi kredi w. Jis fè bidjè ak chèk ou, peye plis pase balans minimòm nan epi peye fakti w atan.

4. Kite Ansyen Kont Yo Ouvri

Trannsenk pousan nòt FICO w gen rapò ak rasyo balans ou parapò ak prè w. Rasyo balans parapò ak prè a se konparezon an dèt ke w ap itilize ak montan total dèt ki disponib la. Avan w peye tout dèt la totalman, asire w ke w kenbe rasyo sa a ba pou w pa depase limit finans ou twòp. Men pa anile kont lan. Anile kont sa a gendwa diminye nòt FICO w.

Kenz pousan nòt FICO w gen rapò ak longè istorik kredi w. Plis kont lan la lontan, plis sa gen pwa sou nòt FICO w.

Pa egzanp si w gen yon kat kredi ki gen yon istorik 10 ane sou li, w ap bezwen konsève kont sa a parapò ak yon kat ki genyen sèlman yon istorik mwens pase yon lane. Kreditè yo renmen wè yon dosye byen long kote yo ka pi byen evalye kapasite w pou w peye dèt.

5. Itilize yon Konseye Kredi

FICO pa gade ale jwenn yon konseye kredi oswa yon ajans konsolidasyon kredi nan yon fason negatif pou kalkile nòt ou a. FTC genyen konsèy pou w jwenn yon konseye kredi bon repitasyon la a: www.consumer.ftc.gov/articles/0153-choosing-credit-counselor.

6. Evite Fayit

Fayit se yon tach lontèm sou rapò kredi w la. Yo ka retire de san pwen imedyatman epi l ap rete sou rapò w la pandan 10 an. Li menm pi difisil pou w aplike pou fayit akoz lejislasyon Bankruptcy Abuse Prevention (Prevansyon Abi Fayit) ke administrasyon Bush la te ratifye an 2005 lan.

Evite fayit, travay plan w lan epi respekte dènye etap la.

7. Montre w Pasyan

Yo p at bati Wòm nan yon jou. Chemen sekirite finansyè se yon mantalite. Pwosesis la se yon maraton, se pa yon kous vitès.

